




Estanda Aprantisaj Eta Nouyòk pou Lang Angle ak Alfabetizasyon dekri kisa Jane sipoze konnen ak kapab fè nan chak nivo klas. Seksyon sa a montre kantite pwen Jane fè nan seksyon Lekti ak nan seksyon Redaksyon an.



SEKSYON LEKTI

Nan seksyon sa a, nou te mande elèv yo pou:

- konprann lide dirèk ak endirèk nou te prezante nan tèks pou nivo klas yo epi rekonèt kijan yo devlope nan tout tèks la;
- dekri tout pèsonalite pèsonaj yo, epi konekte ak lide ak evènman;
- konprann sans ak efè mo, ak fraz nan sans gire ak konotatif;
- analize estrikti ak òganizasyon tèks la, epi idantifye kijan yo devlope pwennvi;
- entegre konesans ak ide yo fè pase nan tèks la kote yo itilize ilustrasyon ak koneksyon lojik ant diferan pati nan tèks la.



SEKSYON REDAKSYON

Nan seksyon sa a, nou te mande elèv yo pou:

- fè deklarasyon ki montre bonjan rezònman ak ase prèv nan tèks la;
- yo ekri sou pèsonaj epi dekri kijan yon pèsonaj asosye avèk lòt la nan tèks la;
- konpare epi opoze pwennvi ak tèm nan tèks yo;
- analize evènman ak aksyon nan yon tèks;
- detèmine efè lang sou aspè yon tèks epi dekri enpòtans istwa ak eleman estrikti tèks la;
- montre yo konprann lè yo pwodwi redaksyon lojik ki montre yo itilize gramè angle pou nivo klas yo.5 -1.1 Td (•)Tj EM(on los7 0 0 0 1 g 1 i5)TGS1 gs /C2f 12 0 080
